



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**AP SELEBRE SEMÈN LATÈ A: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE DEDYE
APEPRÈ 125 MILYON DOLA POU KONSÈVASYON RESOUS NATIRÈL YO
PANDAN SENK ANE KI SOT PASE YO**

***Pwogram Jesyon Agrikòl ak Anviwònmental ki bay gwo finansman pou pwojè nan
fèm yo ki konbat chanjman klimatik, pwoteje tè a ak kalite dlo***

***Pwojè yo te redui 661,633 tòn metrik dyoksid kabòn, ki ekivalan a retire plis pase
154,000 machin sou wout la pandan yon ane***

***Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti ki Rezistan a Chanjman Klimatik la ap selebre
10yèm anivèsè***

Nan selebrasyon Semèn Latè (Earth Week) a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke, depi 2020, Eta Nouyòk te dedye prèske 125 milyon dola pou pwojè agrikòl ki konsève resous natirèl, konbat chanjman klimatik, epi pwoteje bon jan kalite tè ak dlo. Yo te bay pwojè yo a plis pase 6,500 fèm nan chak kwen nan Nouyòk atravè Pwogram Sibvansyon pou Agrikilti Rezistan ak Klima Depatman Agrikilti ak Mache yo, Pwogram pou Kontwòl ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse (Ag NonPoint), ak Pwogram Jesyon Agrikòl ak Anviwònmental (Agricultural Environmental Management, AEM). Ansanm, atravè aplikasyon pi bon pratik yo ke pwojè sa yo sipòte, yo te diminye 661,633 tòn metrik emisyon dyoksid kabòn, sa ki ekivalan ak retire plis pase 154,000 machin sou wout la pandan yon ane.

"Eta Nouyòk depi lontan se yon pyonye nan konbat chanjman klimatik, e nou kontinye alatèt nasyon an nan pwoteksyon anviwònman an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pwoteje fèm yo nan eta nou an epi asire kiltivatè nou yo gen resous yo bezwen pou diminye enpak chanjman klimatik yo, se yon eleman enpòtan pa sèlman pou pwoteje anviwònman nou an, men tou pou konsève kapasite ekonomik sektè agrikòl eta a pou jenerasyon k ap vini yo," Etap enpòtan sa a se yon gwo temwayaj pwogrè nou fè pou kreye yon Nouyòk ki pi pwòp, pi vèt, ak pi rezistan."

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Department of Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Eta Nouyòk kontinye mennen nasyon an nan travay nou, kòm yon eta, ap fè pou pwoteje resous natirèl nou yo ak konbat chanjman klimatik. Agrikilti fyè pou li patisipe nan diskisyon sa yo epi aplike pi bon pratik jesyon sou fèm ki

ede diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik, kaptire ak estoke kabòn, epi pwoteje tè ak kalite dlo nou yo. Li etonan tout sa nou ka reyalize lè nou travay ansanm, epi anba lidèchip Gouvènè nou an ak nan patenarya ak SWCD (Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo) nou an, kiltivatè nou yo fè pwogrè konkrè nan batay nou kont chanjman klimatik."

Komisè Enterimè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare, "Sipòte kiltivatè Nouyòk yo ede amelyore bon jan kalite dlo ak lè pou benefis tout moun. Nou felisite kiltivatè yo ki aplike pwojè enpòtan sa yo epi nou remèsye Depatman Agrikilti ak Mache yo pou finansman pwogram dirab anviwònmanal sa yo. Investisman etap enpòtan sa a montre angajman kontinyèl Gouvènè Hochul nan endistri agrikilti ak anviwònman nou an pou fè avanse yon avni ki pi vèt pou tout Nouyòkè yo."

Pandan senk dènye ane yo, investisman sa a nan pi bon pratik jesyon sou fèm, tankou jesyon eleman nitritif atravè depo fimye, baryè vejetatif bò rivyè, kilti kouvèti konsèvasyon, jesyon dlo, ak plis ankò, atravè pwogram Eta a, te bay rezilta sa yo nan tout eta a:

- 180 ekta tè restorasyon marekaj pou pwoteje abita bèt sovaj, plèn inondab, ak sèvis ekosistèm ki benefisye dirèkteman bon jan kalite dlo ki lwen sous lan.
- 169 enstalasyon depo fatra pou sipòte jesyon fimye ak aplike plan egzekisyon eleman nitritif dirab sou tè agrikòl yo.
- 155 ekta zòn tanpon ki gen zèb ak forè bò rivyè etabli pou pwoteje rivyè kont ewozyon, filtre polyan kalite dlo, epi bese tanperati kò dlo sifas yo.
- 4,047 ekta tè jesyon rezidi ak travay tè atravè tè raboure, san raboure tè, yon jan raboure tè oswa plantasyon semans dirèk pou kontwòle ewozyon tè, diminye kouran dlo, ak amelyore sante tè a.
- 35,584 ekta tè kilti kouvèti plante pou amelyore sante tè, diminye ewozyon, ak estoke kabòn.
- 2,967 mè (9,734 pye) pwoteksyon rivyè ak rivaj ak 80 travèsè rivyè pou estabilize ak revejetalize zòn ki gen tandans sibi domaj inondasyon epi diminye aksè bèt nan resous dlo yo.
- 8,864 mè (29,080 pye) tiyo irigasyon pou sipòte sistèm jesyon dlo irigasyon ki kontwòle pousantaj, kantite, plasman, ak moman dlo irigasyon an pou asire itilizasyon efikas dlo ak kontwòl kouran dlo.

Pwojè sa yo te reyalize atravè SWCD Konte (SWCD) Eta a ansanm ak kiltivatè ak pwopriyetè tè k ap patisipe. SWCD Konte a pral itilize kad AEM lan pou ede kiltivatè yo atravè planifikasyon ak mizanplas yo pou pran desizyon ki akse sou lasyans epi ki rantab ak pou aplike pou finansman atravè pwogram anviwònmanal ak agrikòl Eta a. Konsa, kiltivatè yo ap kapab atenn objektif komèsyal yo pandan y ap konsève resous natirèl eta a.

Direktè Egzekitif Asosyasyon Distri Konsèvasyon Nouyòk (New York Association of Conservation Districts), Blanche Hurlbutt, te deklare, "Jounen Latè se yon rapèl enpòtan pou nou tout pou pran swen Manman Latè nou an. SWCD atravè Nouyòk

òganize vant pyebwa epi ankouraje moun yo plante yon pyebwa pandan peryòd sa a nan ane a. Li enpòtan tou pou pwoteje tè ak dlo Nouyòk yo lè nou aprann fason pou kenbe yo ak pwoteje yo. Sa a se yon lòt fason edikasyon ke SWCD founi."

Prezidan Asosyasyon Distri Konsèvasyon Nouyòk, Sam Casella, te deklare, "Pandan n ap selebre Semèn Latè, se yon opòtinite ekselan pou remèsye Gouvènè a pou sipò solid ak kontinyèl li pou Distri Tè ak Dlo Eta Nouyòk nan anpil fason; alafwa nan nivo finansye ak lejislatif. Tou de esansyèl pou Distri Eta nou yo ak anplwaye Distri devwe nou yo pou kontinye travay enpòtan yo pou pwoteje ak prezève resous natirèl ki gen anpil valè nan Eta Nouyòk, kounye a ak pou jenerasyon k ap vini yo. Pandan m ap vwayaje atravè peyi a nan non Asosyasyon Distri Konsèvasyon Nouyòk, mwen te wè ak pwòp je m efò kolektif ki fèt anba lidèchip Gouvènè a, Depatman Agrikilti ak Mache NYS, ak lòt ajans kle ki fè Eta Nouyòk tounen yon lidè reyèl nan travay konsèvasyon. Kounye a plis pase tout tan, rezidan Nouyòk yo gen chans pou yo gen angajman, devouman, ak vizyon sa a. Nou ta dwe remèsye yo tout pandan n ap selebre Semèn Latè."

Prezidan Asosyasyon Anplwaye Distri Konsèvasyon (Conservation District Employees Association) yo, Caitlin Stewart, te deklare, "SWCD Eta Nouyòk yo se fòs prensipal nan jesyon resous natirèl. Soti nan pwojè ki pwoteje tè agrikòl, forè, ak basen vèsan rive nan edikasyon lokalize, ak soti nan rezistans klimatik rive nan prevansyon espès anvayisan, pwogram ak sèvis SWCD yo benefisye elèv, pwodikte, pwopriyetè tè ak minisipalite yo. Anplwaye ekspè nou yo vreman fè Jounen Latè a rive chak jou!"

Senatè Eta, Michelle Hinchey, te deklare, "Kiltivatè Nouyòk yo se yon egzanp pou peyi a, ki montre jan bon jesyon anviwònman an esansyèl pou grandi manje nou, kenbe tè ak dlo nou an sante, epi fè pwogrè ki ka mezire nan batay kont kriz klimatik atravè agrikilti. Malgre rediksyon sipò federal pou kiltivatè yo, nou pral kontinye batay pou ti kiltivatè fanmi Nouyòk yo lè nou investi nan sipò yo bezwen pou fè operasyon yo rezistan ak pwoteje rezèv manje nou pou jenerasyon k ap vini yo."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Sektè agrikòl ak ti fèm fanmi nan Nouyòk yo te kenbe tèt ak anpil defi ki gen rapò ak kriz klimatik pandan ane yo, men pou kenbe vitalite ak kapasite pati esansyèl sa a nan ekonomi eta a, nou dwe kontinye bay tout sipò posib. Siksè pwogram sibvansyon agrikilti rezistan a klima a te benefisye kominote agrikòl nan tout eta a ak anviwònman nou an anpil pandan li diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik—yon reyèl sitiyoasyon gayan-gayan. Nan moman sa a kote sipò federal yo diminye atravè tout domèn, li fè sans pou gouvènè a ak lejislati eta a rete angaje nan pwogram sibvansyon sa a."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Semèn Latè a se moman pafè pou mete aksan sou efò Nouyòk yo pou abòde chanjman klimatik atravè anpil inisyativ agrikòl nou yo. 6,500 fèm nan Nouyòk deja resevwa sipò pou pratik sante tè, rezistans klimatik, jesyon eleman nitritif, ak lòt mezi konsèvasyon esansyèl. Travay sa a pi enpòtan kounye a pase anvan akòz chanjman atitid sou klima ki soti nan kapital nasyonal la.

Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a, Depatman an, ak kòlèg mwen yo atravè eta a pou angajman kontinyèl yo nan envestisman enpòtan sa yo."

Pandan ane a, SWCD ap òganize ak patisipe nan evènman edikasyon piblik ak sansibilizasyon pou selebre anviwònman an, pote konsyans sou pwoblèm enpòtan resous natirèl yo, epi mete aksan sou teknik ak teknoloji yo itilize pou aplike pratik konsèvasyon. Pou jwenn yon Distri Konte ak aprann plis sou pwogram inik yo a, vizite [paj Biwo Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo \(Soil and Water Conservation District Office\) sou sitwèb Depatman Agrikilti a.](#)

Pwogram pou Kontwole ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a ke Depatman an ak Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta Nouyòk la administre se yon pwogram sibvansyon depans pataje ki bay finansman pou abòde ak anpeche pwoblèm kalite dlo potansyèl ki soti nan aktivite fèm yo. Asistans finansye ak teknik sipòte planifikasyon ak aplikasyon pwojè agrikòl avèk objektif pou amelyore kalite dlo nan vwa navigab Nouyòk yo. Pwogram nan chèche sipòte biznis agrikòl divèsifye nan Nouyòk nan efò yo pou aplike sistèm pi bon pratik jesyon ki amelyore kalite dlo ak jesyon anviwònman.

Objektif Pwogram CRF (Fon pou Rezistans Klimatik) la se diminye enpak agrikilti sou chanjman klimatik (rediksyon) epi ogmante rezistans fèm Eta Nouyòk yo fas ak yon klima k ap chanje (adaptasyon). Fon sibvansyon pwogram yo disponib pou pwojè ki diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik agrikòl ak ogmante estokaj kabòn nan tè ak vejetasyon, anplis l ap amelyore adaptasyon ak rezistans fèm yo fas ak kondisyon klimatik yo prevwa akòz gwo tanpèt, lapli ak sechrès.

Pou aprann plis sou opòtinite finansman Eta a nan domèn sa a, vizite [paj Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo sou sitwèb Depatman Agrikilti a.](#)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)